



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PWOTEJE KONSOMATÈ YO: GOUVÈNÈ HOCHUL AP KONBAT FRÈ BANK EKSESIF EKSPLOWATATIF KI VIZE NOUYÒKÈ KI GEN REVNI FÈB YO**

*Depatman Sèvis Finansye a pwopoze nouvo règleman pou sible pratik frè eksplwatatif yo pandan y ap prezève aksè ak sèvis frè bank yo*

*Se yon pati nan pwopozisyon Eta Leta 2025 Gouvènè Hochul la pou pwoteje konsomatè yo epi kenbe lajan nan pòch Nouyòkè yo*

Kòm yon pati nan Diskou Eta Leta 2025 Gouvènè Hochul te fèk revele a, jodi a Gouvènè Hochul te anonse Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) te afiche [règleman pwopoze](#) pou amelyore pwoteksyon konsomatè yo kont frè bank enjis yo. Règleman sa yo asire konsomatè yo p ap gen fado frè bank pou tranzaksyon minè yo epi mande pou bank yo bay konsomatè yo notifikasyon alè sou frè bank yo pou amelyore transparans.

"Ak frè kache ak pratik enjis, li vin deplizanpli difisil pou Nouyòkè k ap travay di yo pou yo kenbe", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Li tan pou nou rann bank yo responsab epi alaleje fado gwo frè bank pou tranzaksyon minè yo pou kenbe lajan Nouyòkè yo te fè anba redi nan pòch yo."

**Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Adrienne Harris, te deklare**, "Yon mache an sante ap grandi lè konsomatè yo gen kwayans ak konfyans nan pwodwi yo ofri yo ak founisè yo ofri yo. Règleman yo pwopoze jodi a asire ke yo pa pral takse konsomatè yo ankò ak frè etonan epi ki pa pwopòsyonèl pou itilize sèvis frè bank yo bay nan kont bank pa yo."

Règleman yo pwopoze yo elimine frè bankè ki pi eksplwatatif ak twonpè yo, limite frè bank yo, ranfòse kominikasyon kliyan yo epi etabli kondisyon ki pi sevè pou pwosesis tranzaksyon yo. Bank ta agreye yo ta dwe entèdi:

- Chaje frè bank sou tranzaksyon ki mwens pase 20 dola.
- Chaje frè bank ki depase montan tranzaksyon an.

- Chaje plis pase twa frè bank oswa lajan ki pa sifizan ("non-sufficient fund, NSF") pou chak kont konsomatè pa jou.
- Chaje frè NSF pou tranzaksyon elektwonik ke yo refize yon fason enstantane.
- Chaje plizyè frè NSF oswa frè bank pou menm tranzaksyon an, tankou lè yon komèsan resoumèt yon tranzaksyon ki refize.
- Chaje yon frè "soutni," "kontinyèl" oswa "chak jou" pou chak jou pa ko remèt yon balans.
- Chaje frè doub pou kouvri yon frè bank, tankou yon frè pou transfere lajan otomatikman nan yon lòt kont ak yon dezyèm frè pou frè bank lan li menm.
- Trete tranzaksyon debi elektwonik nan yon fason ki gen entansyon pou maksimize kantite frè bank ak frè NSF yo.
- Chaje yon frè bank pou yon tranzaksyon elektwonik lè kont konsomatè a endike ase lajan nan moman tranzaksyon an te kòmanse.

An 2022, Depatman Sèvis Finansye [te pran mezi pou avèti enstitisyon yo](#) konsènan atant li genyen konsènan frè bank enjis ak pratik frè NSF yo, souvan ke yo rekonèt kòm "frè endezirab", ki deranje Nouyòkè ki gen revni ba ak modere yo yon fason ki pa pwopòsyonèl.

An 2023, Lejislati Eta Nouyòk la te adopte, epi Gouvènè Hochul te siyen an lwa, [lejislasyon ki bay DFS plis otorite](#) pou konbat pratik frè bank enjis yo. Ajanda abòdabilite Gouvènè a konsantre sou soulaje fado finansye a sou Nouyòkè yo lè li adrese pratik enjis epi asire transparans nan sèvis esansyèl yo. Soti nan konbat frè eksplwatatif yo rive agrandi aksè ak lojman abòdab ak gadri pou timoun, li rete angaje nan kreye yon Nouyòk ki pi ekitab ak abòdab pou tout rezidan yo.

Règleman pwopoze sa yo reflekte apwòch DFS pou politik ki baze sou done yo, ki pran an konsiderasyon peyizaj regilatwa ki egziste deja, tandans mache yo, [pwòp etid sou frè Depatman an](#) ak gwo angajman pati konsène yo. Depatman an pa ka tann pou kontinye angaje ak pati konsène kle yo sou pwoblèm enpòtan sa a atravè [peryòd kòmantè piblik](#).

### **Pwopozisyon pou pwoteksyon konsomatè Gouvènè Hochul la**

Nan kad Diskou Eta 2025 li a, Gouvènè Hochul te mande Depatman Sèvis Finansye pou pibliye règleman ki vize pratik bankè eksplwatatif yo pandan y ap prezève aksè ak bon jan kalite sèvis bankè yo. Règleman sa yo pral entèdi frè predatè, limite kantite chaj eksèsif chak jou yo, epi amelyore transparans atravè notifikasyon alè. Mezi sa yo pral pwoteje konsomatè yo epi ankouraje sèvis bankè aksesib ak abòdab pou tout Nouyòkè yo.

Gouvènè Hochul te pwopoze legislasyon ki mande pou vandè an detay yo ofri yon fenèt retou minimòm 30 jou pou divès pwodwi sòf si sa endike yon lòt jan. Anplis de sa a, Gouvènè Hochul te pwopoze premye legislasyon nan nasyon an ki mande pou biznis yo avèti achtè sou entènèt lè pri yo fikse dapre done pèsonèl yo. Pou plis pwoteje konsomatè yo, Gouvènè Hochul te pwopoze legislasyon adisyonèl pou asire ke

pwosesis anilasyon yo senp, transparan, ak jis, pou asire ke li fasil pou anile yon abònman menm jan li te ye pou enskri. Gouvènè Hochul te pwopoze lejislasyon tou pou etabli yon fondasyon lisans ak sipèvizyon pou founisè Achte Kounye a, Peye Pita yo. Pou adrese Konpayi Sèvis Enèji (Energy Service Companies, ESCO) ki pa oblije retounen lajan ki pa reklame bay rezidan Nouyòk yo, Gouvènè Hochul te pwopoze lejislasyon pou asire ESCO yo sijè a menm kondisyon ak konpayi sèvis piblik yo. Pou konbat eksplwatasyon finansye granmoun aje yo, Gouvènè Hochul ap chèche lejislasyon pou ede pwoteje kont aktivite fwod, lè li bay bank ak lòt enstitisyon plis otorite pou yo sispann sèten tranzaksyon ki sispèk epi mande pou fè lapolis ak Sèvis Pwoteksyon Adilt yo rapòte eksplwatasyon ak fwod yo sispèk yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)